Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru

Газета бахъизе байбихьана 1952 с.



# Гумбет

## Гумбет районалъул газета

№ 51 (6512) 7 ноябрь 2016 с. Итни Сафар 1438 с. Багьа 5 гъур.

БАРКИЯЛ

### ХIурматияв СайгидахIмад СалихIович



Гумбет районалъул кинналго гIадамаз ракI-ракIалъ баркула дуда Дагъистан Республикаялъул Халкъияб Собраниялда «Цогояб Россия» фракциялъул нухмалъулевлъун вищи.

Гьарула дуе щулияб сахлъи, талихI, рохел, гIагараб Дагъистан цебетIеялъе гIоло гьабулеб хIалтIулъ бергьенлъаби.

**ХIурматгун «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

### Баркула жанисел ишазул органазул хIалтIухъабазда

**10 ноябрь ккола Россиялъул Федерациялъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъанасул къо.**

ХIурматиял полициялъул хIалтIухъаби ва ветераналъ, ракI-ракIалъ баркула нужеда профессионалияб байрам. Нужеца мустахIикъаб бутIа лъолеб буго гIадлу-низам щулалъизабиялъулъ, инсанасе хIинкъи гьечIолъи,-паракалъи букIинабиялъулъ. КIудияб жавабчилъиялда хIалтIи гьабула такъсирчилъи дагьлъиялъе, гьеб гьукъиялъе.

РакIчIей загьир гьабула районалъул полициялъул хIалтIухъабаз гражданазул закониял ихтиярал цIуниялъул рахъалъ жидерго борч хадубккунги ракIбацIадго ва рухIалда барахщичIого тIубазабизе букIиналда.

Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, икъбал, халатаб ва талихIаб гIумру, район, Дагъистан, Россия цебетIеялъе гIоло гьабулеб бигьаяб гуреб нужер хъулухъалъулъ бергьенлъаби.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIерасул ишал тIуралев ГIабдулахIажи ГIабдулкъадиров**

ТIИБ

## Санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялда цебе гIуцIараб санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи тIобитIана районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановасул нухмалъиялда гъоркь. Комиссиялъул членазда тIаде данделъиялде къабул гьарун ракIана Гумбет районалъул централияб больницаялъул бетIерав терапевт Камил Расулов ва бетIерай педиатр Марьям Жанахъаева.**

Данделъиялда гьоркьор лъуна гьал суалал:

1. «Районалда гIадамазул диспансеризация, медицинаялъулаб халгъаби тIобитIиялъул, прививкаби гьариялъул 9 моцIил хIасилазул хIакъалъулъ».
2. «Дагъистаналда вугев бетIерав пачалихъияв санитарияв тохтурас 2016 соналъул 1 августалда къабул гьабураб «Дагъистан Республикаялъул ракьалда эхинококкоз абураб унти баккичIого букIиналъе тIадеги тадбирал гьариялъул хIакъалъулъ» №20 хIукму тIубаялъул рахъалъ цере чIарал масъалабазул хIакъалъулъ.»

ТIоцебесеб суалалда тIасан информациягун кIалъазе вахъана районалъул централияб больницаялъул бетIерав терапевт Камил Расулов. Гьес бицана диспансеризация гьабиялъул, медицинаялъул хал гьаби тIобитIиялъул хIалтIи районалда кин унеб бугебали, гьеб кIвар бугеб ишалъулъ дандчIвалел квалквалазул. Диспансеризациялъ аслияб къагIидаялда гьоркьоб лъе рачун руго хIалтIуда ругел гIадамал. Тадбирал гьарулел руго цогидал гражданазулги гьабиялъе. ЗахIмалъаби дандчIвалел руго гIадамал гьеб ишалде агьаз гьечIого ралагьиялъ, чанго нухалъ ахIаниги хал гьабизе тохтурзабазухъе рачIунгутIиялъ.



Диспансеризация ва медицинаялъул хал гьаби тIобитIарал, сахгьаризе больницаялда регизе кколелги рачIунел гьечIо. Щивав чияс жидерго сахлъи щула гьабиялде кIвар бусинабизе ккола. Тадбирал гьаризе руго диспансеризация гьабиялъул гьаб соналъул план тIубазабиялъе. Районалъул централияб больницаялъул бетIерай педиатр Марьям Жанахъаевалъ абуна:

- 2016 соналъул 9 моцIалъ профилактикияб хал гьабиялъ гьорлъе бачун буго 1224 лъимер (лъагIалил планалде данде ккун 81%), зама-заманалда хал гьабун буго 1440 лъимералъул. 2015 соналъул гьебго заманалде дандеккун гьел хIасилал лъикIал руго.

Диспансеризация гьабурал лъималазул цо хасаб къадар сахлъи цIуниялъул республикаялъул учреждениязде ритIана тIадеги хал гьабизе. Амбулаториялъ сах гьари щвана 564 лъималъе, стационарияб учреждениязда-174 лъимералъе. Сах гьариялъулгун курорталъулал учреждениязде ана 47 лъимер, 2015 соналъ 21 гурони ун букIинчIо.

Профилактикиял прививкаби гьариялъул план районалда тIубан буго 97,5 процентальъ. Гьел гьаризе тIубанго инкар гьабураб 74 лъимер буго. Цересел соназде данде ккун гепатит В вирусалда ва туберкулезалда данде прививка гьаби 99,8 процентаддаса 93,3 проценталде щвезегIан гIодобе ккана, лъимал гьарулел рукъзабахъго улбуз инкар гьабиялдалъун. Республикаялда гьоркьохъеб хIисабалда бугелдаса цIикIкIараб бугониги, пневмококок абулеб бахунеб унтуда данде прививка гьабиялъул план тIадегIанаб процентаде бахинабизе кIолеб гьечIо районалда. Полиомиелит, тIадерахъи, паротит, дифтерия, столбняк, коклюш унтабазда данде прививка гьабун гьечIо 44 лъимералъе.

КIалъазе вахъарав централияб больницаялъул бетIерав врач МухIамад СайгидахIмадовас бихьизабуна диспансеризация гьабиялъул 9 моцIил хIасилазул хал гьабуни, дагьалго нахъе ккеял ругин. Хъутабазда ругел гIамазул диспансеризация гьабизе медхIалтIухъабазул къокъа гьенибе ана. Хъутабазги тIатана гIадамал жидерго сахлъиялде агьаз гьечIого ралагьулел рукIин. Бокьун букIана 100 процентальулаб диспансеризация тIобитIун тIад руссине, амма мурад тIубачIо. Гьебго заманалда лъикI тIобитIана лъималазулги, чIахIияб гIелалъул гIадамазулги хал гьаби.

Прививкаби гьариялъул бицани, инкарчагIазул къадар цIикIкIун буго. Официалиял гурел халкъияб информациялъул алатаздасан прививкаби гьариялдаса инкар гьабизе гIадамал ахIулел рекламаби рихьизариялъ, цо-цоял гьединал антирекламабазде божиялъ хIасилал лъикIал ккезе квалквал гьарулел руго.

(Ахир-кIиабилеб гьум.)

НОМЕРАЛДА РУГО:



Шахматал ва шашкаби хIаялъул районалъул къецал тIоритIана ЧIиркъатIа

-2 гьум.



Директорзабазул данделъи

-2 гьум.



Аслияб гъазават-напсалда данде рагъ

-2 гьум.



42 учитель, 326 цIалдохъан , лъикI цIаларазе гIарцулал сайгъатал

-3 гьум.

МАДАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО

## Дагъистаналъул культураялъул ва мацIазул къо кIодо гьабуна МелъелтIа маданияб централда

**Дагъистаналъул бетIер Рамазан ГIабдулатIиповасул Указалдалъун 26 октябрь лъазабун буго Дагъистаналъул культураялъул ва мацIазул къолъун. Гьеб къо рохалилаб ахIвал-хIалалда тIобитIана МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда.**

Литературиябгун музыкалияб композиция гIуцIана МелъелтIа маданияб централъги аслияб лъайкьеялъул школалъги цадахъ. Тадбир бачана гьеб школалъул авар мацIалъул мугIалим **Шагьзадай Юсуповалъ.** Тадбиралда жиграб гIахьаллъи гьабуна МелъелтIа аслияб школалъул учительзабаз ва цIалдохъабаз.

Маданияб ва хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей **ГIазра РурухIмаевалъ** байрам баркана ва щибаб соналъ кIодо гьабизе бугилан абуна.

ЦIалдохъабаз рихьизаруна батIи-батIиял сценкаби ва цIалана Дагъистаналъул шагIиразул кучIдул.

**«Гумбет» РИО**

АНТИТЕРРОР

## Шахматал ва шашкаби хIаялъул районалъул къецал тIоритIана ЧIиркъатIа

**Гумбет районалъул ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда тIоритIана школлъималазда гьоркьор шахматал ва шашкаби хIаялъул районалъул къецал «Терроризм хIажат гьечIо» абураб ахIиялда гьоркь. Районалъул лъайкьеялъул отделалъул хIаракаталдалъун тIоритIарал гьел къецазда гIахьаллъана районалъул 16 школалдаса 64 цIалдохъан.**



Къецал рагьулаго баркиялъулаб кIалъай гьабуна ва шахматалгун шашкаби хIаялъ гIолеб гIелалъул пагьмуялъе гьабулеб цIикIкIараб асаралъул бицана районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.**

Хадув кIалъазе вахъарав къецазул бетIерав судья **МухIамадхIабиб ГIалиевас** турниралъул шартIазул баян кьуна.

Къецазда тIоцебесеб бакI ЧIиркъатIа гьоркьохъеб, кIиабилеб бакI МелъелтIа гьоркьохъеб, лъабабилеб бакI ЛъаратIа гьоркьохъеб школаз ккуна. Бергьенлъи босарае лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан грамотаби ва медалал щвана.

Ахиралда хIасилалъулаб кIалъай гьабурав районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас абуна:

-ГIолеб гIел экстремизмалдаса, терроризмалдаса рикIкIад чIезариялъе кIудияб кIвар буго гьадинал къецал тIоритIиялъул. Терроризмалда данде кьеркьезе ккола цадахъ лъугьун, гьоркьоса къотIичIого.

**«Гумбет» РИО**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

## Директорзабазул данделъи

**20 октябралда ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана Гумбет районалъул школазул, ясли- ахазул нухмалъулел, лъайкьеялъул отделалъул специалистал гIахьаллъараб данделъи. Данделъи байбихьилелде гьел гIахьаллъана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалда лъабго батIияб предметалъул дарсазда.**



Данделъи рагьана лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас.** Гьениб «Факторы эффективной школы» абураб темаялда докладгун кIалъазе вахъана ЧIиркъатIа гьоркьохъеб школалъул директор **МухIамад МухIамадов.**

Гьес жиндирго кIалъаялда тIадчIей гьабуна хайир кьолеб школа гIуцIиялъе квербакъи гьабулел хIужабазда. Гьединал хIужабаздасан цояллъун ккола школазул нухмалъулелги, мугIалимзабиги, умумузул комитеталги ва цогидал гIуцIабиги цадахъ рекъон хIалтIи.

Гьеб темаялда хурхун кIалъана Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIид МухIамадов,** районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадов, Гъоркь Инхо гьоркьохъеб школалъул директор **МухIамад Жамалудинов,** ЛъаратIа гьоркьохъеб школалъул директор **Гьайирбег ХIусенов,** Килалъ гьоркьохъеб школалъул директор **СагIидбег ГIузаиров,** ЦIаналъ аслияб школалъул нухмалъулев **СагIидбег МутагIилов.**

Районалъул лъайкьеялъул учреждениязул цIалул планазул, программабазул ва цIалулгун тарбия кьеялъул хIалтIул рахъалъ хал гьабиялъул хIасилазул бицана лъайкьеялъул отделалъул специалистал **Сурхай Сурхаевас, Зайид ХIусейновас.**

**ГIайшат Исламбиева**

ГIАКIА АХIУЛЕБ БУГО

**ХIурматиял Федералияб категориялъул тIоцебесеб, кIиабилеб, лъабабилеб группаялъул инвалидал, лъималъ–инвалидал, КIудияб ВатIаниябрагъдагIахьаллъаралхварал рагъул гIахьалчагIазул лъудби, гьарула гьаб 2016 сон ахиралде щвелелде гIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъул управлениялде гьал хадусел документал кьеян:**

ДЭСКалдаса (районалъул электросеть) босун 2016 соналъул «Лицевая карта потребителя» абураб документ, яги лъагIалицаго токалъухъ гIарац кьурал квитанциязул копия. Ноябралда, декабралда гьел рачIинчIел тIадехун рехсарал гIадамазе 2017 соналъул тIоцебесеб январалдаса токалъухъ гIарац кьей гьоркьоб къотIизабизе буго.

Гьедин гьабеян нижедаса тIалаб гьабулеб буго захIматалъул ва социалияб церетIеялъул министерствоялъ.

**УСЗН**

## Санитариябгун рахунел унтабазда дандечIараб комиссиялъул данделъи

**(Байбихьи-тIоцебесеб гьум.)** Гьединал жалаз гIадамазе пайда кьоларо, зарал гурони. Киназдаго бичIчIизе ккола, прививкаби гьаризе хIалтIизарулел руго качество бугел, нилъерго ВатIаналда хIадурарал дараби.

Районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель ХIайбула ГIабдурахIмановас абуна халкъалъе медицинаялъулаб хъулухъ гьабиялъул кIвар бугеб шартIлъун кколин профилактикияб прививкабаз ва диспансеризациялъ кигIан кIваниги гIемерал гIадамал гьорлъе рачин. Баянаб буго унтабазда цIуни гIемерго лъикIаб букIин, гьеб сахлъизабиялдаса. Районалъул терапиялъулаб хъулухъ гьелде кIвар кьун, жавабчилъиялда ралагьизе ккола. Киналго медхIалтIухъабаз халкъалда гьоркьоб бичIчIикьеялъул хIалтIи гIуцIизе ккола. Цере рахъине ккола медхIалтIухъаби районалъул «Гумбет» газеталдасан, бакIалъулаб телевидениялдасан. Терапевтал росабалъе хьвади, гIадамазул хал гьаби ккола жавабияб масъала. Муниципалияв органаз, транспорталдалъун гьел хьезариялъе, росабазул поселениязул администрациязул бутIрул гьоркьор ккун, кумек гьабизе буго.

Прививкаби гьаризе инкар гьабулезулгун бичIчIи кьеялъул хIалтIи гьаби гьоркьоб къотIизе тезе бегьуларо, гьединазда бичIчIинабизе ккола унтабаздаса цIуниялъе прививкабазул бугеб кIвар.

Данделъиялда гьоркьоб лъураб кIиабилеб суалалда тIасан информация гьабуна МухIамад СайгидахIмадовас. Гьес абуна эхинококк унти районалда гьечIилан, гьедин бугилан гIодоре риччан чIезеги бегьуларилан, кIвар кьезе кколел цо-цо суалал ругилан. Гьединал суалаллъун ккола росабалъ санитарияб хIал лъикI гIуцIи, хвараб гIи-боцIи рехизе бакIал гьари. Гьабзаздасан, кутуздасан гьеб унти бахунеб букIин хIисабалде босун, къватIул гьабиги кутулги тIагIинаризе ккола.

Гьеб суалалда хурхун кIалъаял гьаруна санитариялгун рахунел унтабазде данде чIараб комиссиялъул нухмалъулев ХIайбула ГIабдурахIмановас, тохтир Камил Расуловас, «Гумбет» газеталъул бетIерав редактор **ХIамзат ГIизудиновас.**

КIиябго суалалда хурхун къабул гьабуна гIатIидаб хIукмуги.

**Къурмагъиз ХIадисова**

### Гьаб анкьалда ругел тарихиял къоял (7-13 ноябрь)

7 ноябрь – РагIи дандеккеялъул ва ракълил къо.
10 ноябрь-ГIелмуялъул тIолгодунялалъул къо.
10 ноябрь-Россиялъул Федерациялъул жанисел ишазул органазул хIалтIухъанасул къо.
10 ноябрь – Бухгалтериялъул халкъазда гьоркьосеб къо (Бухгалтерасул къо).
10 ноябрь-ГIолилазул тIолгодуняладъул къо.
11 ноябрь – ТIоцебесеб дуняалалъул рагъ лъугIараб къо.
12 ноябрь – Россиялъул сбербанкалъул хIалтIухъанасул къо.
12 ноябрь-ХIинкъи гьечIолъи цIуниялъул хIалтIухъанасул къо.
13 ноябрь - Радиациялъул, химиялъул, биологиялъул хIинкъиялдаса цIунулел аскаразул къо.
13 ноябрь-бецазул халкъазда гьоркьосеб къо.

ГIЕЛМУЯЛДА ГIАМАЛ РЕКЪАГИЙИЛА

## Аслияб гъазават-напсалда данде рагъ

### Дагъистаналъул муфти, шайих АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул ах» абураб тIехьалда тIасан конкурс

**МелъелтIа тIобитIизе буго шайих Дагъистаналъул муфтий АхIмад-хIажи ГIабдулаевасул «ЛъикIал тIабигIатазул**




**ах» абураб тIехьалдасан конкурс.**

Конкурсалъул буго лъабго этап: тIоцебесеб-**13 ноябралда сагIат 9 ялда, кIиабилеб-20 ноябралда сагIат 9 ялда, лъабабилеб-27 ноябралда.**

Бергьаразе кьезе руго: тIоцебесеб бакI ккурасе Лада Приора автомашина, кIиабилеб бакIалъе 100 азарго гъурущ, лъабабилеб бакIалъе 50 азарго гъурущ. Кьезе руго гьединго къиматал сайгъаталги.

Конкурсалда гIахьаллъизе хьвай-хьвагIай гьабизе ва лъазе бокьарал суалал ругони ахIе гьаб номералде: 89640018736

**ДРялъул муфтияталъул Гумбет районалда бугеб регионалияб отдел**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# 42 учитель, 326 цIалдохъан, лъикI цIаларазе гIарцулал сайгъатал

**БатIи-батIиял рукIуна ракьалда гIадамалги, зодир цIвабиги, кверазда килщалги. БатIи-батIиял рукIуна гIумру гьабиялъул къагIидабиги. Цоязул гьеб букIуна рихха-хочараб, батIалъи гьечIеб, цогидазул - магIнаяб,гIакъилаб, жавабчилъи бичIчIараб ва хIалуцараб. Нилъ рохизе ккараб жо,жидеда тIадаб иш цин тIаса-масаго тIубазабулеб, гьелдехун ургъел гьечIеб балагьи гьабулеб гьаб заманалда, къанагIат ругониги, ратула жидеде божилъи гьабураб гуребги жамгIиябги хIалтIи гьабулел, батIи-батIиял къагIидаби ургъун, халкъалъе, рижараб росдае пайда бугеллъун рукIин жидер гIумруялъул аслияб мурадлъун лъугьарал гIадамал.**

Гьединазулцояблъун рикIкIине бегьула Игьали гьоркьохъеб школалъул директор **СагIид МухIамадов.** ЛъикIав чиясул хIакъалъулъ кидаго ратула абизе лъикIал рагIаби. I976 соналда Дагъистаналъул педагогикияб институталъул къватIисел мацIазул факультетги лъугIизабун гьев хIалтIизе вачIана гIагараб росдал школалде. МугIалимлъун хIалтIана I2 соналъ,директорлъун хIалтIулев вуго I988 соналдаса нахъе.

Инсан вичIчIине ккола бицунеб рагIухъ балагьун гурев, гьабулеб хIалтIухъ балагьунги. СагIид школалъул директорлъун вачIаралдаса гIезегIан хиса-басиял кквана школалъул гьумералда. Гьабуна капиталияб ремонт, хисана гордал ва нуцIби,къачIана хьарщи къабун жанахI, бана спортзал. Абизе бегьула СагIид вугин гьитIиназдаги кIудияздаги рагIи данде ккезабун, хIал рекъезабун хIалтIи нухда бачине лъалев лъикIав гIуцIарухъанлъунилан. Жив директор вугин абун лъидехуниги чIухIи бихьизабуларев, жиндасан бажарулеб,кIолебщинаб гIадамасе ва росдае гьабулев инсан. Гьев вуго районалъул школазул директорзабазул семинаралъул нухмалъулевги.

Щивав учителасул буго персоналияб компьютер, гьеб буго щибаб классалдаги, лъикI хIалтIулеб буго компьютеразул классги. ЦIалдохъабазе щибаб столалда лъун буго кIиго ноутбук. ХIалтIулел руго батIи-батIиял предметазул, спортивиял кружокал. Школалда гIемер тIоритIулел руго байрамазул ва юбилеязул хIурматалда батIи-батIиял тадбирал, турнирал, дандчIваял.

- ЦIалдохъабазул цIалуда хадур гьей лъикIаб буго, - ян бицана школалъул директорас. - ГьелЪие нугIлъи гьабула нижер лъималаз гIахьаллъи гьабулел олимпиадабазда гIурус мацIалъул,гIурус адабияталъул, географиялъул, хIисаб гIелмуялъул, тарихалъул къецазда тIоцересал бакIал ккеялъ. Гьез лъикIал хIасилал рихьизаруна ва призалъулал бакIазе мустахIикълъана республикаялъулал олимпиадаздаги.

Республикаялда тIоритIарал мугIалимзабазул батIи-батIиял къецазда чIел босана рахьдал мацIалъул мугIалим **Аминат Шарапудиновалъ, ПатIимат Шарапудиновалъ** ва ГIаишат СагIидовалъ.

**-Школалда ругищ реццалъе мустахIикъал учительзаби?**

-Руго. Гьел ккола гIурус мацIалъул,хIисаб гIелмуялъул мугIалимзаби.

Нижер буго гъункараб, цоцалъ рекъон хIалтIулеб педагогазул коллектив. Араб соналда школалъул I0 цIалдохъанас лъикIал баллалги росун кьуна Пачалихъалъулаб цоояб экзамен (ЕГЭ). Школалъул спортсменаз,краеведаз лъикIал хIасилал рихьизарулел руго территориалияв, районалъул къецаздаги.

**- СагIид, кин мун школалде хIалтIизе вачIарав, дур гIагарлъиялда гьоркьор церехун учительзаби рукIаниш, ай гьеб махщел дуца тIаса бищиялъе кинаб гIилла ккараб?**

-Дун цIалулеб заманалда цIакъ лъикIал учительзаби рукIана. Гьездасан кколаан Инхоса МухIамад МухIамадгIалиев, мунагьал чураяв МухIамад Хьазамбиев, Апандил МухIамад, Маматхан ХIажимурадов, АсхIаб ХIажиев,тIоцевесев мугIалим вукIана МухIамад Шайхов. Аслияб къагIидаялъ дир учителасул хIалтIуде ракI цIазабурав чи вукIанилан абизе бегьула МухIамад Шайхов. Доб заманаялъ дагьаб батIияб лъикIаб кьиматги букIана мугIалимасул.

**- Дуда школалъул директорасул хIалтIи кинабха батараб?**

-Дида кколаан гьеб хIалтIи учительзабазул хIалтIухъ балагьун лъугIулеб гIадин. Амма гьедин батичIо иш. Дун хIалтIизе вачIараб мехалъ гьаб цIалулги школалъул хIалтIулги къагIидаго хисана. ТIоцебесеб соналъ къаси къижичIого лъазабизе ккана бухгалтериялъулги экономикаялъулги бальголъаби. ГьабсагIат хIисаб гьабураб мехалъ цере рукIарал



школалъул нухмалъулез гьабулеб букIарабги дица гьабулебги хIалтIи гIемерго батIияб буго. ХIалтIул къадарги цIалудехун балагьиги хисун буго. Доб заманалда бачIараб цIалул планалда рекъон хIалтIулаан школалъул коллектив. Жакъа тематикияб планалда рекъон щивав учителас гIуцIула жиндирго хIалтIул программа. Гьедин хIалтIулеб буго жакъа игьалдерил школа. ГьабсагIат гьабизе кколебщинаб информациялъул хIалтIи, интернет чIани, учительзабазул тIубан рахIат хола. Нижер школалъул сайт буго. Жиб - жиб къоялъ цIиги гьабула школалъул сайт, районалда гьеб лъикIаблъунги рикIкIуна. Цебехун гьединаб жо букIинчIелъул. ХIатта, приказалцин хьвалеб къагIида хиси гуреб, гьезул къадарги цIикIкIун буго. Дун жакъасеб школалъул директорасул хIалтIуде гьорлъе ккезегIан ун батила чанго сон.

**- СагIид, ЕГЭялъул хIакъалъуль дуца щибилан абилеб?**

-Араб цIалул соналда нижер ЕГЭялъул ккарал хIасилазул бицани, 24 цIалдохъанасул 4 чиясе бечIо аттестат. Лъабго цIалдохъанасе медалги щвана. Гьелда нижеца байбихьи лъун букIана цIалул соналъул авалалдаго. ЕГЭ кьезе МелъелтIе иналде, росулъго гьелъул хIалбихьун, 3-4-5 кьимат щолеб къагIида гьабизе хIаракат бахъула. Лъималазда хехго бичIчIуна жидедехунго гьабулеб квешабги лъикIабги балагьи. Масала, лъагIелалъ бокьа-бокьараб гьабизе жалгоги тун,ЕГЭялъе заман щвараб мехалъ дидехун цIалдохъабаз гьабизе бугеб балагьи бицинчIониги бичIчIине ккола. Жиб-жиб къоялъ гьезда материалги малъулеб бугони, тIалабги гьабулеб бугони, гьеб мехалъ учителасул кьимат бачIинчIого рес щиб? Гьеб гIемер бицине бокьулеб учителасул къадрукьимат лъица хвезабун бугеб, гьес жинцаго! ХIалтIизе кколеб куцалъ хIалтIизе ккола цин живго учитель. ГьабсагIаталъ лъай бугев чи школалде вачIунев гьечIиланги бицун, цо-цо бакIазда гьеб ишалде цеве ккарав чи восулев вуго. Гьелъ, цинги кьимат хвечIого букIунаро. Жиндирго къадру цIунун хIалтIулев учителасул гьеб кьимат кидаго букIуна.

**-Жакъа кIвар бугеб бакIалда буго тарбиялъул суал. Гьеб бараб бугилан ккола школалда гьеб коллективалдаги. Масала, учительзабазда гьоркьор щал цIикIкIарал ругел: бихьиналищ, руччабиищ?**

-КIикъоялда кIиго учитель вуго нижер. Гьездасан анцIила анлъго бихьинчи,хутIарал руччаби.

ХIакъикъаталдаги кадрабазул рахьалъ масъала буго районалъул росабалъ. Нижер школалда гьелъул рахьалъ кьварилъи гьечIо. Жал хIалтIуде росеян рачIарал гIарзаби руго. Гьеб тарбиялъул ишалда сверухъ гьабизе кколеб хIалтIиги нижеца тохго тун гьечIо. Абизе бегьула жеги квакIизабун бугилан. Щай абуни, букIине кколеб къагIидалъ цIалдохъанасе тарбия щун гьечIони, гьесул чIахIияздехун,дунялалдехун бугеб бербалагьи хисун кколеб букIин нилъеда бихьулеб буго. Нижер росулъ гьединаб жо гьечIо. Щайгурелъул школалда руго цIалдохъабазул къокъаби, буго цо хасаб "Ирсилал" абураб къокъа, гьел хьвадулел рукIуна херал-унтаразе кумек гьабизе, цIул къотIизе, лъим босизе… Гьединаб школалда бугеб тIалаб-агъазалъ лъимал сверун ккун рукIуна. Гьеб киналъго кумек гьабулеб буго щибаб соналъ районалдаги республикаялдаги школалъул цIар лъикIаб бакIалде бачIинабизе. Кинавниги школалда цIалулев вуго 326 цIалдохъан. Щибаб цIалул соналда лъикI цIалулел цIалдохъабазе чIезарун руго батIи-батIиял цIаразда кьолел гIарцул сайгъатал.

**- Ахирал соназда республикаялда цIикIкIараб кIвар буссинабулеб буго ВатIан бокьи, умумузул рукIарал лъикIал гIадатал, гIамалал ва гь.ц. лъималазда бичIчIинабиялде, экстремизмалда ва терроризмалда данде кьеркьеялде. Гьелда хурхун гьабулеб хIалтIи?**

-ВатIан бокьиялде,лъикIал гIадатазде лъимал куцаялъе школалда цIакъ гIемераб хIалтIи гIуцIула,батIи-батIиял конкурсазда ва къецазда гIахьаллъула ва гьенир лъикIал хIасилал рихьизарула. Экстремизмалда ва терроризмалда данде кьеркьеялъул нухал малъиялъул хассаб план буго ва тIоритIула батIи-батIиял тадбирал.Хьвавул хIалтIаби,суратал рахьи, классалъул сагIтал ккола аслияб къагIидаялда бичIчIи кьеялъе хIалтIизарулел рахьал. Гьелъул хIисаб кьола районалъул лъайкьеялъул информациониябгун методическияб централда. Гьединго I2 октябралда росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централда тIобитIана «Дагъистаниял терроризмалда данде - ВатIан хирияб буго» абураб экстремизмалде ва терроризмалде данде кьеркьеялъул моцIалда хурхун гьабураб хIалтIул хIасил гьоркьоб лъураб дандельи.

Гьениб гIахьаллъи гьабуна киналго хьиндаллъиялда ругел школазул командабаз. Гьезие бихьизабуна видеофильм ва гьелда хадуб хIана «Брейнринг». ТIоцебесеб бакIалъе гьенибги мустахIикълъана нижер школалъул команда.

**- 2016-2017 цIалул соналда, ЕГЭ, ОГЭ кьеялъе кинаб хIадурлъи гьабулеб бугеб?**

- БачIунеб соналъ ЕГЭ, ОГЭ кьолел лъимал хIадуризе байбихьана сентябралдасаго. Щибаб предметалъул жаваб кьолев учитель вихьизавуна буюрухъалда буго бахъараб план ва гьелда рекъон гьабулеб буго хIалтIи, ракIалда буго исана цониги цIалдохъан аттестат щвечIого хутIизе гьечIилан.

**-СагIид, баркала гарачIвариялъухъ.**

**Гара-чIвари гьабуна**
**ГIайшат Исламбиевалъ**

ДОКУМЕНТЫ

# Порядок возврата суммы государственной пошлины

**1.Уплаченная государственная пошлина подлежит возврату частично или полностью в следующих случаях:**

-уплаты в большем размере, чем это предусмотрено главой 25.3 Налогового кодекса;

-отказа лиц от совершения юридически значимого действия до обращения в уполномоченный орган (к должностному лицу), совершающий (совершающему) данное юридически значимое действие;

-при прекращении государственной регистрации права, ограничения (обременения) права на недвижимое имущество, сделки с ним на основании соответствующих заявлений сторон договора.

2.Заявление о возврате излишне уплаченной (взысканной) суммы государственной пошлины* подается плательщиком государственной пошлины в орган (должностному лицу), уполномоченный совершать юридически значимые действия, за которые уплачена (взыскана) государственная пошлина.

Заявление о возврате излишне уплаченной (взысканной) суммы государственной пошлины может быть подано в течение трех лет со дня уплаты указанной суммы.

Возврат излишне уплаченной (взысканной) суммы государственной пошлины производится за счет средств бюджета, в который произведена переплата, в течение одного месяца со дня подачи указанного заявления о возврате.

(Продолжение-на 4 стр.)

ДОКУМЕНТЫ

# О противодействии коррупции

**В соответствии с пунктом 2 статьи 1 Федерального закона от 25.12.2008 № 273-ФЗ «О противодействии коррупции» (далее – Федеральный закон № 273-ФЗ) противодействие коррупции – деятельность федеральных органов власти, органов власти субъектов Российской Федерации, органов местного самоуправления, институтов гражданского общества, организаций и физических лиц в пределах их полномочий:**

а) по предупреждению коррупции, в том числе по выявлению и последующему устранению причин коррупции (профилактика коррупции);

б) по выявлению, предупреждению, пресечению, раскрытию и расследованию коррупционных правонарушений (борьба с коррупцией);

в) по минимизации и (или) ликвидации последствий коррупционных правонарушений.

Росреестр осуществляет противодействие коррупции в пределах своих полномочий (согласно части 4 статьи 5 Федерального закона № 273-ФЗ).

Указом Президента Российской Федерации от 13.04.2010 № 460 утверждена Национальная стратегия противодействия коррупции, Указом Президента Российской Федерации от 13.03.2012 № 297 утвержден Национальный план противодействия коррупции.

Целью Национальной стратегии противодействия коррупции является искоренение причин и условий, порождающих коррупцию в Российском обществе.

Подразделением, осуществляющим профилактику коррупционных и иных правонарушений в системе Росреестра, является отдел противодействия коррупции, служебных проверок и прохождения государственной службы, действующий в составе Управления государственной службы и кадров.

В центральном аппарате Росреестра «телефон доверия» (495) 917-38-25 функционирует по рабочим дням (кроме пятницы) с 09.00 до 18.00, в пятницу и предпраздничные дни с 09.00 до 16.45.

Также предоставлена дополнительная возможность направлять обращения, содержащие информацию о коррупционных проявлениях в системе Росреестра, в форме электронного письма на адрес anticorruption@rosreestr.ru

**Хасавюртовское ММО управления Росреестра по РД**

# Порядок возврата суммы государственной пошлины

**(Начало-3 стр.)**

3.Не подлежит возврату государственная пошлина, уплаченная за государственную регистрацию прав, ограничений (обременений) прав на недвижимое имущество, сделок с ним, в случае отказа в государственной регистрации.

4.При прекращении государственной регистрации права, ограничения (обременения) права на недвижимое имущество, сделки с ним на основании соответствующих заявлений сторон договора возвращается половина уплаченной государственной пошлины.

5.О возможности возврата излишне уплаченной суммы государственной пошлины плательщик информируется в извещении о прекращении регистрационных действий на основании соответствующих заявлений сторон договора, уведомлении об излишне уплаченной (взысканной) сумме государственной пошлины или в сообщении об отказе в государственной регистрации.

Плательщик подает заявление о возврате излишне уплаченной (взысканной) суммы государственной пошлины в отдел администрирования доходов Управления, либо в территориальный отдел, осуществляющий деятельность по государственной регистрации прав на территории, где расположен объект недвижимого имущества, за государственную регистрацию прав которого была уплачена государственная пошлина.

Заявление подается лицом, указанным в качестве плательщика в платежных документах, при этом возврат государственной пошлины осуществляется на счет плательщика.

Заявление должно содержать:

- фамилию, имя, отчество плательщика (наименование юридического лица с указанием на организационно-правовую форму), паспортные данные, адрес проживания (место нахождения), телефон;

-вид юридически значимого действия;

-для физических лиц: лицевой счет, наименование банка получателя, корреспондентский счет банка получателя, банковский идентификационный код (БИК);

для юридических лиц: расчетный счет для зачисления, наименование банка получателя, корреспондентский счет банка получателя, банковский идентификационный код (БИК), индивидуальный налоговый номер (ИНН), код причины постановки на учет (КПП);

К заявлению о возврате излишне уплаченной суммы государственной пошлины прилагаются подлинные платежные документы в случае, если государственная пошлина подлежит возврату в полном размере, а в случае, если она подлежит возврату частично, - копии указанных платежных документов.

Возврат излишне уплаченной суммы государственной пошлины осуществляется органом Федерального казначейства, на основании заявки на возврат, представляемой Управлением Федеральной службы регистрации, кадастра и картографии.

**Хасавюртовское ММО Управления Росреестра по РД**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# «Гумбет» басма – бакълъулазул тарих

### Подписка - 2017

**Хириял районцоял! Байбихьун буго 2017 соналъе газетал ва журналал хъвазе, гьездаго гьоркьоб нилъерго районалъул «Гумбет» газеталъеги подписка гьабизе.**

Гьеб хъвазе бегьула росабазул почалъул отделениядасанги, «Гумбет» газеталъул редакциялдасанги. Районалъул гIумру бихьизабулеб матIу ккола райгазета. Гьелдасан нужеда лъала районалъул гIумруялъул, гьелъул цIилъабазул, церечIарал масъалабазул хIакъалъулъ.

ХIурматиял росабазул администрациязул бутIрул, районалъул идарабазул, гIуцIабазул нухмалъулел, газета цIа-лулел! ХIаракат бахъе цIияб соналъе «Гумбет» газета щивав хIалтIухъанас хъвазе, щибаб коллективалъ редакциялъулгун щулияб бухьен кквезе.

Ниж божарал руго, нужер кумекалдалъун 2017 соналъ газета хъвалезул къадар цIикIкIине букIиналда.

**Газеталъул багьа лъагIалие:**

**Почалдасан – 366,96 гъ.**

**Редакциялдасан – 200 гъ.**

**Бащдаб лъагIалие:**

**Почалдасан – 183,48 гъ.**

**Редакциялдасан-100 гъ.**

**Информациялъул «Гумбет» гIуцIи**

АЛИКБЕЗ НАЛОГОПЛАТЕЛЬЩИКА

# Направления расходования бюджетных средств

**Уважаемые налогоплательщики!!!**

**Являясь добросовестным налогоплательщиком, Вы рано или поздно задаетесь вопросами: а надо ли вообще платить налог? На что он идет и какую пользу от его уплаты получаю. Я - налогоплательщик и обычный гражданин? И так, обо всем по порядку.**

Налоговая политика государства — одна из приоритетных и стремительно развивающихся сфер его жизни, так как именно от налоговых поступлений зависит жизнедеятельность государства. Все перечисления налогоплательщиков поступают в государственный бюджет — кассу государства, откуда потом распределяются на различные нужды. Статья 69 Бюджетного кодекса РФ подробно регламентирует такие ассигнования. Можно выделить несколько направлений расходования бюджетных средств:

1.пенсионное обеспечение;

2.строительство и благоустройство социальных объектов и территорий;

3.организация отдыха и спортивных мероприятий и т.д;

4.содержание государственных учреждений (больниц, школ, детских домов и др.);

5.финансирование государственных программ («Одаренные дети», «Дети и семья») и национальных приоритетных проектов («Здоровье», «Образование» и др.);

6.обеспечение безопасности государства;

7.финансовое обеспечение правоохранительных органов государства;

8.содержание аппарата управления государством;

9.содержание и обеспечение функционирования государственного сектора экономики;

10.субсидирование, предоставление дотаций и ссуды для жилищно-коммунального хозяйства;

Это лишь некоторые направления расходования бюджетных средств, но отсюда уже можно сделать вывод о необходимости уплаты налогов. Своевременные и достаточные налоговые поступления способны обеспечить безопасность, финансовую стабильность и независимость государства, выход его из кризиса, что сейчас немаловажно. Для Вас - предпринимателей, добросовестная уплата налогов гарантирует государственную поддержку, кредитование и как результат - процветание Вашего бизнеса, а для граждан сбалансированный бюджет означает гарантированную социальную помощь, пенсионное обеспечение и уверенность в завтрашнем дне.

**Шамил Гаджиев, заместитель начальника межрайонной инспекции ФНС России №12 по РД, советник государственной гражданской службы РФ 2 класса**

БетIерав редактор ХIамзат ГIизудинов телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь Къурмагъиз ХIадисова
Корреспондентал: ГIайшат Исламбиева, Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков телефон: 26-404

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета къабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Пушкинил къватI, 6

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гьоркь
Учредитель: РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1264
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул автораз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.